

# MAKIHKEUN BASA SUNDA DINA NGIGELAN JAMAN

## Yayat Sudaryat

### 1. Purwawacana

Nilik kana judulna mah, ieu tulisan teh siga basajan pisan, lain siga tapi moal boa basajanna teh. Rek teu kitu kumaha, atuh da jejerna oge ngan patali jeung kecap gaganti ngaran dina paguneman, padahal pasualan basa Sunda teh pohara lega jeung ruwedna, komo mun dipatalikeun kana kahirupan basa Sunda kiwari mah.

Najan katembongna basajan, tapi ieu tulisan teh ngambah kahirupan basa Sunda anu kaitung lega tur panjang, ti bihari tug nepi ka kiwawi, geusan nimba pangalaman keur ngararancang makena basa Sunda dina mangsa pingburi atawa pikahareupeun. Anu dipalar ku ieu tulisan teh ninggang kana paribasa “ka hareup ngala sajeujeuh, ka tukang ngala salengkah”. Hartina, urang ulah lali ka nu bihari, lakonan nu keur karandapan, tapi bari nyongsrog pikahareupeun. Kitu ari angen-angen mah.

### 2. Komunitas Basa Sunda

Komunitas teh mangrupa kelompok organisme anu hirup tumuwuh tur ampur gaul ngayakeun patalimarga di hiji wewengkon atawa masarakat. Komunitas basa Sunda museur kana kelompok jalma anu aya di hiji wewengkon bari campur gaul ngagunakeun basa Sunda. Kumaha kahanan komunitas basa Sunda ayeuna?

Kiwari komunitas basa Sunda teh nyanghareupan masalah anu aya patalina jeung kaayaan masarakat katut budaya Sunda, nya eta ku pagaliwotana kaayaan, boh nu sifatna lahiriah boh nu sifatna batiniah. Dina ngagunakeun basa, masarakat Sunda umumna make dua basa pikeun kaperluan komunikasi. Ieu masarakat dwibasawan teh loba pisan make basa Indonesia dina rupa-rupa pakalangan, dalah jeung papada urang Sunda. Lian ti ku tinimbangan partisipan, jejer omongan, jeung suasana komunikasi, hal anu nyababkeun pindahna make basa tina Sunda kana Indonesia teh nya eta kaparigelan nyarita dina basa Sunda anu teu cumpon pikeun kaperluan ngedalkeun maksud, boh dina lebah adegan basana boh dina repertoriumna. Ku kitu teh kapadetan komunikasi masarakat Sunda dina basa Sunda jadi ngurangan, atuh fungsi basa Sunda dina kahirupan sapopoe oge jadi suda.

Ieu teh mawa akibat kana kaparigelan maca dina basa Sunda. Kamampuh teks basa Sunda jadi handap da puguh teu biasa make basa Sunda dina sapopoean. Loba kecap jeung susunan basa Sunda anu geus teu dipikawanoh, kaasup soal-soal kecap gaganti ngaran, atuh eusi bacaan oge henteu kaharti, sok komo moal kasurti. Ieu oge awal ahirna mawa akibat kana kaparigelan nulis, lamun kitu jalma anu hayang ngarang dina basa Sunda baris nyanghareupan rurubed atawa bangbaluh dina ngalarapkeun basa.

### 3. Situasi Diglosia: Kiwari pakeun Pingburi

Situasi diglosia kasaksen dina pakumbuhan masarakat basa lamun aya dua ragam basa lulugu—anu masing-masing mibanda rupa-rupa ragam—dipake babarengan pikeun fungsi masarakat anubeda-beda. Situasi diglosia ngebrehkeun wiwilahan fungsional basa kana sababaraha variasi nu aya. Aya variasi basa anu ditempatkeun dinakalungguhan “luhur” tur dipake pikeun situasi umum tur formal, ilaharna leuwih baku, kompleks, tur konservatif. Sabalikna, variasi basa lianna dibere kalungguhan “handap” tur dipake dina situasi teu formal. Kumaha ari situasi diglosia

basa Sunda ayeuna? Pikeun ngajwab eta pananya, ayeuna urang titenan basa Sunda tina tempat dipakena di Jawa Barat, nyaeta (1) basa Sunda salaku basa daerah, (2) basa Sunda lulugu, (3) basa Sunda minangka basa indung, jeung (4) basa Sunda minangka bahan ajar di sakola.

*Kahiji*, basa Sunda di Jawa Barat kaasup salasahiji basa daerah, di sagigireun basa Cirebon/Indramayu jeung basa Melayu Jakarta. Dina waktu dipakena Kurikulum 1994, basa Sunda ditetepkeun jadi mata pelajaran muatan lokal wajib di Jawa Barat (kasup Propinsi Banten ayeuna). Waktu harita, basa Cirebon jeung Indramayu. Anu acan asup kana pelajaran teh basa Melayu Jakarta. Ari alesan pihak Kanwil Depdikbud (ayeuna Diknas) Jawa Barat nyaeta kahariwang munculna kakateug kana pangajaran basa Indonesia (baku) lantaran basa Melayu Jakarta, anu ilaharna disebut basa Batawi, dina awalna mangrupa logat atawa dialek basa Melayu (anu kiwari, sabada ngaliwatan kamekaran, jadi basa Indonesia). Anggapan sarupa kitu teh bisa jadi bakal barobah, mun teu ayeuna engke atawa jaga. Ku kituna, teu nutup kamungkinan basa Jakarta diajarkeun oge di sakola-sakola, utamana mah di wilayah Kota Depok jeung Kota/Kabupaten Bekasi. Hal eta teh leuwih dikukuhan ku ayana Perda Propinsi Jawa Barat No.5 taun 2002, pasal 1 (7) anu unina; "Bahasa Daerah (di Jawa Barat) adalah bahasa Sunda, Cirebon, dan Melayu Betawi) yang tumbuh dan berkembang di wilayah Jawa Barat".

*Kadua*, basa Sunda minangka basa daerah. Geus jadi alesan klasik mun netelakeun yen "Di daerah-daerah yang mempunyai bahasa sendiri yang dipelihara oleh rakyatnya, dengan baik-baik (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura, dan sebagainya) bahasa-bahasa itu akan dihormati dan dipelihara juga oleh negara. Bahasa itu merupakan sebagian dari kebudayaan Indonesia yang hidup." Kitu kapan pokpokan UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36 teh. Atuh dina Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta dicindekkeun yen dina patalina jeung basa Indonesia, basa Sunda boga kalungguhan salaku basa daerah. Ari fungsina jadi (1) lambang kareueus daerah, (2) lambang jati diri daerah, (3) alat gaul di lingkungan kulawarga jeung masarakat daerah, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di kelas-kelas awal sakola dasar di wewengkon nu tangtu pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonesia jeung pangajaran lian, jeung (6) pakakas pamekar jeung pangdeudeul budaya daerah. Lebah dieu, urang jadi bangsa Indonesia, tapi henteu leungiteun Sundana.

*Katilu*, basa Sunda lulugu. Kalungguhan basa Sunda samemeh Indonesia merdika mangrupa basa pribumi, sarua bae jeung basa-basa daerah lianna, kaasup basa Malayu. Ngan pedah ari basa Malayu mah aya leuwihna, kiwari jadi basa Indonesia, sarta diajarkeun di sakola-sakola anu aya di wewengkon Indonesia. Sabada kota Karesidenan Priangan dipindahkeun ti Cianjur ka Bandung taun 1864, peranan Kota Bandung dina mekarkeun budaya Sunda beuki undak. Basa sunda di wewengkon Bandung jadi leuwih unggul sajalan jeung kalungguhan Kota Bandung minangka puseur dayeuh karesidenan. Eta sababna, dina Lambaran Nagara (*Staatsblad*) No.125 Taun 1893, Ayat 6, ditetepkeun yen "bahasa pribumi yang harus diajarkan di sekolah ialah bahasa pribumi yang dianggap paling bersih, seperti untuk sekolah-sekolah di Jawa Barat harus bahasa Sunda Bandung". Ku ayana eta aturan, nya muncul sesebutan *basa sakola*, hartina basa anu diajarkeun di sakola teh nya eta basa Sunda wewengkon Bandung. Geus kitu, sesebutan basa sakola robah jadi *basa lulugu*, anu nelah jadi *basa Sunda lulugu*.

Pedaran di luhur ngeceskeun kumaha proses ngawujudna basa Sunda lulugu di Propinsi Jawa Barat (kaasup Propinsi banten jeung DKI ayeuna), anu jadi wewengan pikeun dijadikeun bahan ajar di sakola-sakola. Hal ieu teh teu bina ti basa Malayu "luhur" di Riau dijadikeun basa lulugu (baku/standar) dina jaman kolonial atawa basa Indonesia baku ayeuna. Tangtu bae unggal basa anu kalungguhanana luhur dina pakumbuhan

dunya, salawasna mibanda basa lulugu anu dirageman babarengan ku masarakat panyaturna. Eta basa lulugu teh kawangun make ancangan tur rarancang anu tangtu sarta ngaliwatan proses nu kaitung panjang. Ari gunana basa lulugu loba pisan pakaitna jeung hal-hal formal, saperti dina tulisan (buku, surat-sinurat, majalah, koran, jste), atawa omongan dina kagiatan-kagiatan nu nurutkeun etika. Lamun ngagunakeun basa teu baku karasa teu merenah (biantara, pangjajap upacara adat, seminar, kongres, jste.). Jaba ti eta basa lulugu oge, boga fungsi jadi 'pameungkeut' para panyatur basa nu miboga rupa-rupa dialek (basa wewengkon), saperti dina basa Sunda aya wewengkon Ciamis, Majalengka, Kuningan, Tasikmalaya, Cianjur, jsb.

Ku nitenan hal bieu, pangajaran basa Sunda lulugu teh kudu dianggap penting sarta jadi cecekelan sakumna sakola di wewengkon anu make basa Sunda. Tangtu bae, basa wewengkon oge kudu jadi paniten sakola saluyu jeung konsep dasar Manajemen Berbasis Sekola, utamana mah dina lebah meunteun situasi (sakola jeung lingkunganana), nilik kabutuh murid, sarta ngararancang struktur program. Memang hal ieu teh geus dilakasanakeun dina Kurikulum 1994, nya eta ku ayana pangajaran basa Sunda Kategori B, anu ngajarkeun basa Sunda di lingkungan masarakat anu boga basa Sunda wewengkon. Di sakola model kitu, basa wewengkon dijadikeun ancang-acang pikeun diajar basa Sunda lulugu.

*Kaopat*, basa Sunda mangrupa basa indung. Basa indung teh nyaeta basa kahiji nu mimiti beunang ti indung atawa ti kulawargana ngaliwatan atikan informal ti mimiti budakdiajar nyarita. Kiwari basa Sunda angger jadi keneh basa indung pikeun karereanana kulwarga di Propinsi Jawa Barat (kaasup Propinsi Banten). Sabalikna, aya oge kulawargana anu henteu kitu, utamana mah di kota gede saperti Bandung atawa lingkungan nu tangtu. Indung jeung bapa dina kulawarga henteu nyarita ku basa Sunda, tapi basa lian, rereana mah basa Indonesia, najan aya di lingkungan masarakat Sunda. Anu jadi kahariwang mah, urang Sunda henteu nyarita ku basa Sunda sapopoena, komo bari alesan gengsi mah. Dina kasus saperti kitu, basa Sunda nu diajarkeun di sakola dasar henteu jadi basa kahiji pikeun barudakna, tapi jadi basa kadua. Hal ieu kudu jadi catetan 'masalah' pikeun guru mata pelajaran basa Sunda jeung pihak-pihak anu gede katineungna kana hirup-huripna basa sunda ayeuna jeung jaga, kiwari jeung pingburi.

Kiwari, masalah basa indung teh geus jadi paniten dunya. Balukarna UNESCO, salasahiji badan di PBB, dina bulan Nopember 1999 netepkeun tanggal 21 Pebruari jadi 'Poe Basa Indung'. Eta katangtuan teh didadasaran ku kasadaran yen ayana basa, kaasup basa indung, lain ngan sakadar bagian tina budaya anu kudu dijiara wungkul, tapi kudu jadi pakakas kedaling manusa dina rupining kahirupan. Satuluyna, diaku oge yen kaayaan basa indung danget ayeuna teh aya dina suasana '*aneka basa*', balukarna aya kamungkinan basa teh tumpur. Eta sababna, warga dunya dianjurkeun sangkan boga raga katineung kana basa indung.

Urang Sunda oge ayeuna teh aya dina kaayaan *aneka basa*, sakurang-kurangna dwibasa, nyaeta babarengan jeung basa Indonesia nu kalungguhanana jadi basa nasional. Sussana kieu teh kudu dilekekan, dititenan, jeung dipirosea ku pihak-pihak anu hayang miara jeung ngamumule basa Sunda, kaasup guru-guru anu dipapancen anu ngajarkeun basa Sunda. Aya alusna lamun urang leuwih nyender kana sistem kadwibasaan satata (*bilinguisme kordinat*), nya eta dwibasawan anu mibanda dua sistem basa atawa leuwih anu misah-misah. Hartina, dwibasawan anu satata, dina waktu ngagunakeun hiji basa, henteu nembongkeun unsur-unsur tina basa lian, sabalikna dina waktu pindah kana basa lian henteu muncul cacampuran sistem. Panyatur basa Sunda, upamana enya-nya make basa Sunda nu bener tur merenah, tapi waktu nyarita dina basa Indonesia, nya kitu deuih make basa Indonesia anu bener tur merenah.

Urang oge, saha bae, kaasup guru basa Sunda, geus pada maphum yen basa Sunda teh barobah luyu jeung parobahan jaman. Basa Sunda ayeuna beda jeung basa Sunda kamari jaman perang, beda jeung basa Sunda jaman penjajahan, sarta beda jeung basa Sunda jaman jayana karajaan. Kabeh oge balukar tina *aneka basa*. Sakurang-kurangna lantaran basa Sunda pasosok jeung basa Indonesia anu kalungguhanana leuwih luhur nepi ka muncul 'sasaingan basa', anu daek teu daek basa anu kalungguhanana handap bakal kaelehkeun atawa kadeseh, kawas basa Sunda ayeuna.

Jaba ti basa lulugu jeung basa wewengkon, pasualan diglosia dina basa Sunda raket patalina jeung tatakrama basa, anu ilahar disebut undak-usuk basa Sunda. Najan ari asal-muasalna mah pangaruh ti Mataram (Jawa), undak usuk basa teh geus jadi milik atawa banda basa Sunda. Memang aya nu pro jeung kontra. Beh ditu anu kontra kana undak usuk basa teh lantaran dianggap pangaruh ti Jawa jeung ngabeda-beda harkat darajat manusa, kiwari mah lantaran dianggap hese, pangpangna kecap lemes keur diri sorangan jeung kecap lemes keur batur anu sok pahili. Balukarna panyatur basa Sunda. Kitu sawatara alesanana. Naha enya kitu, sigana mah lain ku eta-eta teuing, aya hal sejen, di antarana bae, nyusuk jeung nyosokna basa katut budaya deungeun kana basa jeung budaya urang. Da geuning nuasalna ti batur mah gampang pisan ditiruna, komo hal-hal nu goreng mah. Pan eta teh teu kudu dititah jeung diajarkeun. Ari kana kabeneran, sakitu diajarkeun, dipiringan, teu sirikna diwewel-wewelkeun, tapi hese ditarimana, geus nepi kana baham oge, diburakeun deui. Mun lebah dahareun mah, teu ngeunah karasana meureun ari make basa Sunda teh.

Tatakrama basa atawa undak usuk basa, ceuk anu pro, masih keneh perlu. Ari sababna, undak usuk basa ayeuna mah lain keur ngabeda-beda harkat darajat manusa, tapi keur silih hormat jeung silih ajenan. Enas-enasna mah undak usuk basa teh mangrupa hiji sistem dipakena ragam basa (lemes—kesar atawa hormat—loma) anu raket patalina jeung kalungguhan, kakawasaan, katut dalit henteuna antara panyatur jeung pamiarsa sarta jalama nu dicaritakeun. Kedaling atawa ekspresina dina ragam hormat (lemes) ilaharna katitena dina wangun (1) lisan (ucap), (2) pasemon, (3) rengkuh jeung peta, jeung (4) lentong. Sangkan disanggap ku entragan kaayeunakeun, aya alusna lamun undak usuk basa teh dibasajankeun jadi dua wilahan, nyaeta ragam lemes (hormat) jeung ragam loma (kasar). Ragam hormat keur ka sorangan atawa keur ka batur disaruakeun bae, bisa bagenten, da enas-enasna mah saharti (sinonim) keneh. Kitu ge lamun pamilon kongres, anu bisa dianggap ngawakilan masarakat Sunda, bisa narima.

#### **4. Kumaha Ayeuna jeung Jaga?**

Hiji basa bakal tetep hirup barina hurip lamun bisa ngindung ka usum ngabapa ka jaman. Pon kitu deui basa Sunda. Urang ulah hariwang lantaran reana pakecapan anu asup kana basa Sunda da puguh rerendengan jeung basa lian, pagilinggisik jeung nu lian. Enya ari panalungtikan anu husu pasosokna basa Sunda jeung basa-basa lian mah tacan aya, ngan boa basa Sunda leuwih loba narima ti batur batan ngirimkeun pangaruh kana basa lian. Pakumbuh jeung pamanceran basa Sunda beuki dieu beuki ngaheureutan. Tempat utama tumuwuh jeung mekarna basa Sunda teh mimitina mah di Jawa Barat. Tuluy disempog ku Batawi (DKI Jakarta), tuluy disempog deui ku Propinsi banten. Sabada Perda Nomer 5 Taun 2003 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daerah, dikurangan deui ku ngelebetna basa Cirebon jeung basa Indramayu, anu ngambah ka daerah Pantura, malah disebut-sebut basa Malayu Dialek Jakarta (Basa Batawi) anu tempatna rea nyontang Propinsi Jawa Barat anu tinggal saeutik, saperti wilayah BODEBEK (Bogor, Depok, jeung Bekasi). Lamun diker-iker wilayah nu dipakena basa Sunda teh ngan tinggal nu disebut Priangan. Priangan Wetan

saperti wewengkon Ciamis, utamana mah nu ngawates jeung Jawa Tengah, kapan geus lila pisan pasosokna basa Sunda jeung basa Jawa. Sawatara wewengkon Purwasuka (Purwakarta, Subang, jeung Karawang), utamana mah nu aya di pasisir kaler Subang jeung Karawang, kapan tos pada maphum pasosok jeung basa Jawa, minangka rembesan ti basa Cirebon jeung Indramayu. Priangan Tengah minangka puseurna, wewengkon Bandung Raya, geus heurin ku tangtung, lain padumuk tulen Sunda wungkul, tapi pacampur pisan jeung rupa-rupa sekeseler bangsa, heterogen pisan, malah sok rea nu Mamalayuan atawa lindonesiaan, padahal ngakuna mah urang Sunda bari keur nyarita jeung urang Sunda deuih. Aca tembresna dunya maya atawa sebernet (*cybernet*). Atuh munasabah lamun basa Sunda wewengkon Bandung, anu dina mangsa kolonial ditetepkeun jadi basa Sunda lulugu (baku/standar), malah nepi ka ayeuna pisan, perlu dirautan deui jeung disusun deui adeg-adeg katut pakecapanana.

## 5. Basa Sunda anu Bener tur Merenah

Pancén utama basa téh pikeun alat komunikasi. Ari komunikasi basa dina enas-enasna mah nepikeun amanat ka nu lian maké basa. Ngarah amanat téa nepina ka pamiarsa luyu jeung pamaksudan panyatur sarta teu matak pasalia paham, enggoning maké basa Sunda kudu bener tur merenah. *Basa anu bener* nya éta basa nu dipakéna kukuh kana aturan atawa kaédah basa. Ari *basa anu merenah* nya éta basa anu keuna larapna atawa luyu kana kontéks situasi makéna. Ku kituna, basa Sunda nu bener tur merenah kudu nyoko kana (1) undak-usuk basa, (2) saha nu maké basa jeung nu dicaritakeun, (3) adegan basa (galur omongan), (4) kasang tukang tempat, waktu, jeung suasana, (5) alat nu digunakeun, (6) rasa, nada, jeung ragam basa, sarta (7) amanat jeung tujuan omongan.

Basa Sunda anu bener tur merenah patali jeung basa lulugu (baku). Basa baku atawa standar nya éta basa nu mibanda sipat vitalitas jeung inteléktualitas. Hiji basa disebut miboga sipat *vitalitas* lamun éta basa téh mampuh tumuwuh jeung mekar kalawan anteb luyu jeung kaédah basana nu rélatif angger, tapi henteu kaku lantaran bisa barobah pikeun narima pangaruh basa lian, boh kandaga kecapna boh adeganana. Ku kituna, basa baku kudu stabilitas dinamis sipatna, anteb tur luwes kaédahna. Ari kaédah basa téh kudu mangrupa hasil tina kodifikasi basa, boh kodifikasi nu tumali jeung adegan basa boh kodifikasi nu tumali jeung bagbagan makéna basa.

Sipat nu kadua tina basa baku nya éta *intelétualitas*. Basa baku kudu boga kamampuh ilmiah nu bisa ngébréhkeun prosés mikir anu ruwed tina rupining kagiatan paélmuan, téknologi, informatika, jeung patali marga masarakatna. Ku kituna, masarakat nu intelék mah kudu maké basa kalawan éféktif, nya éta mampuh nepikeun amanat saloba-lobana ku wangunan basa nu ringkes tur keuna nepi ka teu nimbulkeun pasalia paham. Wujudiah basana ngébréhkeun daya nalar, pikiran anu ngéntép seureuh, tur manjing akal (logis).

Jaba ti éta, basa baku téh mibanda otonomi atawa wewenang pikeun tumuwuh jeung mekar di wewengkon masarakat nu makéna. Basa baku lain hiji-hijina ragam basa, ngan jadi calecer keur ragam basa lianna deuih. Basa baku leuwih nyoko kana ngaragemkeun jeung ngalulugukeun kaédah basa, tapi lain hartina ngakurkeun sakumna ragam basa.

Basa baku bisa tumerap kana basa naon baé, kaasup kana basa Sunda. Ari basa baku mangrupa salasihiji ragam basa nu geus ditetepkeun tur dikukuhan ku masarakat pikeun jadi calecer makéna. Basa Sunda baku miboga pancén pikeun ngaraketkeun tali mimitran di antara para panyatur basa Sunda, pikeun némbongkeun jatidiri para panyatur nu bisa ngandelan rasa kapribadian kasundaan, pikeun pananda komara atawa wibawa panyaturna, jeung pikeun calecer atawa raraga acuan maké basa

nu bener. Ieu ragam basa ilaharna dipaké di lingkungan masarakat nu nyakola. Ku kituna, basa Sunda baku téh kudu nyoko kana sababaraha hal, di antarana,

- (1) basa Sunda lulugu, lain basa Sunda wewengkon;
- (2) basa Sunda tulis saperti anu dipaké dina bahasan, élmu pangaweruh, jeung buku pangajaran;
- (3) basa Sunda nu dipaké di hareupeun balaréa, saperti dina biantara jeung ngajar; jeung
- (4) basa Sunda anu ngukuhan kaédah basa, boh éjahan, tata basa, boh undak usuk basana.

Hirup kumbuhna basa Sunda raket patalina jeung kahirupan sosial-budaya anu makéna. Ku kituna, jaba ti jadi unsur budaya Sunda, basa Sunda miboga fungsi jadi wahana pikeun mekarkeun budaya Sunda deuih. Jaba ti éta, basa Sunda anu mibanda kalungguhan jadi basa daérah téh sagulung-sagalang jeung basa Indonésia katut basa asing. Balukarna di antara éta basa-basa téh pasosok.

Dina kalungguhanana jadi basa daérah, saperti nu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jatidiri (idéntitas) masa- rakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di sakola dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (ilikan Halim Ęd., 1980:151).

Perkara kalungguhan jeung fungsi basa Sunda kungsi ditandeskeun deui dina Kongrés Basa Sunda V taun 1988 di Cipayung Bogor ku *Aweuhan Cipayung*, anu eusina galeuhna nyoko kana tujuh hal, nya éta (1) basa Sunda miboga kalungguhan jadi basa daérah, (2) basa Sunda miboga fungsi nu tangtu, (3) basa Sunda jadi unsur budaya Sunda nu boga daya tur poténsi ngawewegkeun pribadi masarakat Jawa Barat dina ngukuhan katahanan nasional, (4) basa Sunda bisa dipaké pakakas dina ngadeudeul pangwangunan Jawa Barat, (5) basa Sunda ngeunteungkeun ajén-inajén budaya Sunda, (6) basa Sunda miboga adegan anu angger bari tetep nampa pangaruh luar, jeung (7) basa Sunda bakal leuwih mekar ku pangdeudeul rupining pihak.

*Katilu*, basa Sunda lulugu.

## **2. Ragam Basa Sunda**

Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh mibanda anékaragam basa. Ari ragam basa téh bisa disawang ti jihat nu makéna anu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna; basa tina jihat makéna anu nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sipat pasosokna.

Dipakéna basa Sunda téh keur sadirieun jeung keur ka batur. Keur sadirieun, nya éta dina waktu urang ngimpi, ngadunga, kukulutus, ngitung, jeung catetan poéan dina agénda pribadi. Keur ka batur, nya éta waktu urang palémék atawa komunikasi; nyatana pikeun alat campur gaul jeung papada urang Sunda atawa nu lain urang Sunda tapi geus bisa basa Sunda. Unggal golongan di masarakat Sunda, kayaning TNI, patani, pagawé, pajabat, pangusaha, guru, ulama, jeung murid, ngagunakeun basa Sunda dina ngabahas rupa-rupa jejer, saperti agama, pulitik, kamasarakatan, ékonomi, atikan, pangaweruh, jeung seni, sok sanajan ari lila jeung mindengna makéna basa Sunda mah béda-béda keur unggal golongan jeung unggal jejer téh.

Nurutkeun daérah dipakéna, basa Sunda téh leuwih loba dipaké di luar kota ti batan di jero kota. Unggal golongan masarakat anu aya di padésan, dina ngabahas rupa-rupa jejer téh, leuwih loba maké basa Sunda ti batan nu cicing di kota. Dipatalikeun kana kanyataan lolobana balaréa anu ngancik di padésan, atuh sabagian gedé padumuk Jawa barat téh condong maké basa Sunda mun medar rupa-rupa jejer téh.

Ragam basa anu dipaké di daérah atawa wewengkon téh geus lila disebut *basa Sunda wewengkon*. Ieu basa téh katangén tina lentong jeung kecap-kecapna. Perkara kecap-kecap basa Sunda wewengkon (lokabasa, dialék lokal, dialék régional, atawa régiolék) kungsi ditalungtik ku pokalna Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, di antarana, dialék Sumedang (1977), Cianjur (1979), Ciamis (1979), Sérang (1980), Bogor (1981), Cinajur (1982), Subang (1982), Tasikmalaya (1983), jeung Purwakarta (1983). Jaba ti éta, aya dialék lokal nu ditalungtik ku pribadi saperti basa Sunda dialék Cirebon (Ayatrohaédi, 1978).

Dina taun 1912 Pamaréntah Kolonial Walanda ngumumkeun yén salasihiji basa wewengkon nu aya di tatar Sunda, nya éta basa Sunda di wewengkon Bandung jeung sabudeureunana, dijadikeun basa Sunda lulugu (baku, atawa standar). Kituna téh dumasar kana tinimbangan yén basa Sunda wewengkon Bandung bisa nyumponan sarat jadi basa lulugu lamun disawang tina jihat (1) basa pamaréntahan alam harita, (2) jumlah panyatur, (3) basa anu diajarkeun di sakola-sakola, (4) réana buku anu ditulis ku basa Sunda, jeung (5) dipaké alat komunikasi nu bisa dipikaharti ku sakumna masarakat basa Sunda.

Ragam basa nurutkeun atikan formal ngabédakeun ayana *ragam basa nyakola* jeung *ragam basa teu nyakola*. Ragam basa ti panyatur anu nyakola ilaharna ébréh lebah ucapan foném-foném tina basa kosta, ngukuhan kaédah basa, boh tata basana boh undak usuk basana.

Ragam basa nurutkeun sikep panyatur raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, sarta lomana antara panyatur, pamiarsa, jeung jalma nu dicaritakeun, disebut *undak usuk basa* atawa *tata krama basa*. Undak usuk basa enas-enasna mangrupa sopan santun makéna basa. Ku kituna, undak usuk basa sok dipasing-pasing jadi *ragam basa lemes (hormat)* jeung *ragam basa kasar (loma, atawa teu hormat)*. Ragam basa lemes aya dua rupa, nya éta *lemes keur batur* jeung *lemes keur sorangan*, anu bisa katitén wujudna dina (a) lisan atawa kecap, (b) pasemon, (c) rengkuh jeung peta, sarta (d) lentong anu merenah.

Ragam basa nurutkeun warna makéna basa disawang tina jihat jejer omongan, médium atawa sarana, jeung sipat pasosokna. Disawang tina jejer omongan aya *ragam basa urang réa (balaréa)* anu ilahar dipaké sapopoé jeung *ragam basa urang aré* nu dipaké husus dina widang jurnalistik, paélmu (ilmiah), sastra, jeung agama. Disawang tina médium makéna aya *ragam basa lisan* anu dipaké dina paguneman atawa biantara, aya *ragam basa tulis* anu dipaké dina surat, koran, majalah, jeung buku.

Disawang tina jihat pasosokna, aya *ragam basa nyunda* jeung *ragam basa nu teu nyunda*. Ieu téh henteu ngandung harti masarakat Sunda ulah narima pangaruh tina basa lian. Nyerep unsur tina basa lian dimeunangkeun pisan, pangpangna dina hal pakeman-pakeman basa anyar dina basa Indonésia anu beuki loba tur popllér sarta dina basa Sunda tacan aya sawandana. Munasabah nepi ka kitu téh lantaran média geusan populérkeunana kawilang réa pisan, boh média citak boh média éléktronik. Katambah deuih ku rupa-rupa kasempetan nu sipatna resmi, boh dina rapat-rapat boh dina lumangsungna prosés diajar-ngajar. Balukarna mindeng para panyatur basa Sunda minda-basa (alih kode) ku maké pakeman basa Indonésia nu tacan aya sasruanana anu pas dina basa Sunda. Sasat jadi basa nu campur aduk, anu baréto sok disebut basa Sunda *kamalayan* jeung ayeuna meureun disebut basa Sunda *kéndonésén*, tegesna basa Sunda nu kapangaruhan pisan ku basa Indonésia.

Aya hal nu jadi pangdorong dipakéna basa Sunda téh, salasihijina patali jeung batur nyarita. Lamun batur nyarita saluhureun, dorongan nyarita ku basa Sunda leuwih gedé batan ka sahandapeun. Bisa katangén, hiji anak nyarita ka kolotna ku basa Sunda, tapi ari jeung dulurna atawa babaturanana mah maké basa Indonésia atawa basa Sunda dicampur ku basa Indonésia.

Ari digunakeunana basa Sunda kapangaruhan ku latar, nya éta naha di imah, di pakumbuhan, atawa di kantor. Imah jadi latar tempat panglobana dipakéna basa Sunda, ditéma ku latar pakumbuhan sapopoé, jeung pangsaeutikna nya éta di kantor. Jaba ti éta, basa Sunda téh gedé pisan kapakéna dina kajadian anu aya patalina jeung adat kabiasaan, upamana baé, dina ngalamar jeung seserahan. dalah di lingkungan nu sapopoéna geus kurang maké basa Sunda ogé, ari dina upacara-upacara kieu mah sok ngahaja ku basa Sunda.



Cindekna, basa Sunda dipaké ku balaréa, ti rupa-rupa golongan masarakat, boh di kota boh di pilemburan, dina nyaritakeun rupa-rupa jejer dina kahirupanana. Naon nu jadi jejer nu dicaritakeunana, ku saha nyaritana, di mana tempatna, iraha waktuna, patali jeung adat kabiasaan atawa henteu, éta téh nagtukeun dina milih basa naon anu dipaké, naha basa Sunda atawa basa Indonésia. Hal lianna anu milu nangtukeun nya éta kamampuh jalma nu nyarita dina maké basa Sunda jeung basa Indonésia.

**Kumaha makihikeun basa Sunda ayeuna?**